# 1031 bas Jorǵa tuwalaqlar jabayı tábiyat qoynına jiberildi

Image not found or type unknown

Usı jıldıń 29-sentyabr kúni házirgi waqıtta joq bolıp ketiw aldında turǵan hám Qızıl kitapqa kirgizilgen quslardan biri bolǵan Jorǵa tuwalaqlar Qaraózek rayonınıń «Qoybaq» APJ aymaǵında jabayı tábiyat qoynına qoyıp jiberildi. Bul haqqında Qaraqalpaqstan Respublikası Ekologiya komitetiniń málimleme xızmeti xabar bermekte.  .Jorǵa tuwalaqlar 2009-jılda Ózbekstan Qızıl kitabına kirgizilgen bolıp, olar Qızılqum shóllerinde jasaydı. Qaraózek rayonında tábiyat qoynına jiberilgen 1031 bas Jorǵa tuwalaqlar Birlesken Arab Ámirliklerine qaraslı bolǵan «International fund for houbara conservation» orayında kóbeytilgen.